


# KUSHLI ALKOGOL ISHIMLIKLERINIŃ QURAMı, QÁSIYETLERI, ISLEP SHıGARıW IZBE-IZLIGI HAM INSAN ORGANIZIMINE TASIRI

**Perdebaev Amanjol**
Berdaq atındağı QMU, Ximiya- texnologiya fakulteti, Azıq-awqat texnologiyası qanigeligi studenti
https://doi.org/10.5281/zenodo.14175764

**ARTICLE INFO**

Qabul qilindi: 9-noyabr 2024 yil
Ma’qullandi: 10-noyabr 2024 yil
Nashr qilindi: 17-noyabr 2024 yil

**KEY WORDS**

*alkogol onimleri, spirt, araq, tekila, fermentatciya, ashıw, eksporti, inporti.*

**ABSTRACT**

*Usı maqalada spirtli ishimliklerdin islep shigarıw texnologiyası, onıń quramı, turleri, insan organizimine tasiri ham Ózbekistan Respublikası aymağındağı alkogol onimlerin islep shığarıwshı karxanalar haqqında maglıwmatlar berilgen*

Kúshli spirtli ishimlikler dep, quramında kóp muǵdarda etil spirti bolǵan ishimliklerge aytıladı. Olarǵa spirt, araq ónimleri, júzim vinoları, konyak, rom, viski sıyaqlı ishimliklerdi kirgiziw múmkin. Olardıń hár biri hár túrlı shiyki zatlardan ózine tán texnologiyalıq processler tiykarında islep shiǵarıladı.

Araq quramında 40 tan 56% ge shekem spirti bar, kúshli spirtli ishimlik. Araq tazalanǵan etil spirti hám jumsartılıńgan suwdıń qospasın aktivlestirilgen kómir menen islew berip, arnawlı filtrlerden ótkerilip tazalanǵan ónim bolıp tabıladı. Aralaspanı aktivlestirilgen kómir arqalı filtrlewdiń maqseti, onı qayta islengende spirt quramındaǵı bir qansha zıyanlı bolǵan sivush maylarınıń 30—47 % hám asetaldegidlerdiń 10—17% filtrde uslanıp qalınadı. Araqtıń geypara túrlerin islep shıǵarıwda olardıń dámin jaqsılaw ushın qant, limon kislotası, soda, sirke kislotasınıń natriylı duzı sıyaqlı qosımsha shiyki zatlar isletiliwi múmkin. Isletilingen shiyki onimlerge hám tazalanǵanlıq dárejesine qaray rektifikat-spirttiń tómendegi túrleri tayarlab shiǵarıladı : ekstra—96, 5% g; joqarı dárejede taza—96, 2 hám 1-túr taza—96 %.

Qarataw araǵınıń tariyxı jigirma bes jıldan kóbirek waqıtqa iye. Araq dástúrler boyınsha islenip, joqarı sapa sáwlelengen. Araqlardı islep shıǵarıwda boyan tamırları paydalanıp arnawlı texnologiyalar boyınsha tayarlanadı, bunıń nátiyjesinde ol ayrıqsha dámge iye boladı. Qarataw araǵınıń organoleptiklıq hám fizika-ximiyalıq kórsetkishleri boyınsha sapası qarıydarlar arasında joqarı jetiskenliklerge eristi. Aqırǵı 6 jıl ishinde araq ónimleri brendi Ózbekstan Respublikasında “TOP-3”ge kiriwin támiyinledi, bul islep shıǵarıw hám satıw kólemi boyınsha derek beredi.




Qarataw araǵınıń assortimentleri

Aroq – kúshli alkogollı ishimlik bolıp, ayrıqsha dám hám jaǵımlı iyiske iye  suw-spirtli eritpe. Tazalaw hám filtrlew usılları hár túrlı bolıwı múmkin, lekin ulıwma alǵanda, zavodta araq islep shıǵarıw birdey algoritmge muwapıq ámelge asırıladı.

1. *Suw tayarlaw*. Suw araqtıń tiykarǵı strukturalıq bólegi bolıp tabıladı, sol sebepli tayar ónimniń organoleptikalıq qásiyetleri onıń sapasına baylanıslı. Dáryalar hám bulaqlardıń joqarı aǵımınan alınatuǵın jumsaq suw joqarı standart esaplanadı. Suwdı qaynatıp bolmaydı, sonıń ushın kóp basqıshlı tazalaw : shóktiriw, aeraciyalaw  hám kvarts qumı arqalı filtrlew alıp barıladı.

2. Araqtıń tiykarın quraytuǵın komponent – rektifikatsiyalanǵan spirt bolıp tabıladı. Ol azıq-awqat ósimlikler shiyki zatlarınan (dán, kartoshka, láblebi, dán hám kartoshka qospası hám basqalar ) rektifikaciyalanıp alınadı. Dánlı shiyki zatlar maydalanadı hám qaynatıladı. Braga birinshi ret distillenedi hám distillew nátiyjesinde alınǵan shiyki spirtten 95% quwatlılıqqa iye rektifikaciyalanǵan spirt ajratıladı.

3. *Saralaw*, bul process dawamında suw-spirtli qospa alınadı. Eger kerek bolsa, qospanı xosh iyisli etetuǵın hám arnawlı maza beretuǵın qosımsha hám dám beriwshiler qosıladı.

4.*Filtrlew*. Araq kvarclı filtr járdeminde qattı qosımshalardan tazalanadı. Shókpe tóplanǵanda, filtr fraksiyalardan tazalanadı, onnan keyingi process dawam etedi.

5. Organikalıq birikpeler araqtıń dámi hám iyisine tásir etedi. Aldegidler hám efirlerdi alıp taslaw aktivlestirilgen kómir járdeminde ámelge asırıladı. Eger kerek bolsa bul process bir neshe ret tákirarlanadı.

6. Tayar aralaspa bir neshe kún dawamında shóktiriledi. Aqırǵı basqıshı eki kúnnen jetti kúnge shekem dawam etedi. Bul waqıt ishinde araq komponentleri aralastırıladı, ónim juwmaqlawshı iyis hám dámge iye boladı.

7. Ídıslarǵa quyıw. Hár bir shıysheniń pútinligi tekseriledi, keyin suw menen juwıladı. Toltırıw ushın arnawlı avtomatikalıq sızıqlar qollanıladı. Birinshiden, araq shiyshege quyıladı, keyin bolsa arnawlı propkalar menen jabıladı. Juwmaqlawshı basqısh - bul etiketka jabıstırıw esaplanadı.

*Likyor-araq ónimler*. Bul júdá kúshli spirtli ishimlikler. Quramında qanttıń kópligi, xosh iyisliligi, reńi hám dámi olardıń basqa spirtli ishimliklerden ózgeshelenip turadı. Quramındaǵı spirt, qant muǵdarına hám shiyki onim quramına qaray likyor-araq ónimler bir neshe gruppaǵa  bólinedi.

*Likyor–araq* sanaatı quramında 40% etil spirti hám 45% etil spirti bolǵan araqlar islep shiǵarıladı. Araqtıń hámme túrleri reńsiz, tınıq, hárqıylı bólekshelersiz hám ılayız bolıwı kerek.

Sapalı araqlar saqlanǵanda shókpe bolmawı kerek. Araqlardıń iyisi, dámi ayrıqsha, biytanıs iyislersiz hám dámlersiz bolıwı kerek. Araqlardıń shiyshe butilkaların teksergende olardaǵı spirt muǵdarı etiketkada kórsetilgeninen tek 0,2% ke artıq yamasa kem bolıwına ruxsat etiledi.

*Likyor-araq* ónimleri islep shıǵarıw ushın tazalanǵan *rektifikat-spirt,* jumsartılǵan suw, jańa úzilgen hám keptirilgen miywe hám mayda rezovar miyweler, xosh iyisli qosımshalar, citrus miyweler qabıǵı, qant, kofe, qara burısh, efir mayları, essensiyalar, awqatqa salınatuǵın kislotalar, tábiyiy hám jasalma boyawlar hám basqa qosımsha shiyki zatlar isletiledi. Isletiletuǵın shiyki zatlar quramındaǵı qant hám spirttiń muǵdarına qaray likyor-araq ónimleri bir neshe gruppaǵa bólinedi

Likyor-araq ónimleriniń assortimentleri

1 - keste

| Ónimler atı | Muǵdarı ,% | |
|---|---|---|
| | spirt | qant |
| *Likyorlar:*<br>Kúshli | 30-40 | 28,0-50,0 |
| Desert | 25-60 | 30,0-45,0 |
| Kremler | 20-23 | 49-69 |
| *Demlemeler;* | | |
| *Mazalı* | 16-25 | 8,0-30,0 |
| *Mazalıraq* | 25-60 | 2,0-12,0 |
| *Kúshli ashshı* | 35-75 | 0-5,4 |
| *Kem quwatlı ashshı* | 27-28 | – |
| *balzamlar* | 45 | – |
| *nalivkalar* | 18-20 | 28,0- 40,0 |
| *Punshlar* | 16-18 | 32-39 |
| *Desert ishimlikler* | 12-16 | 15-35 |

*Likyorlar* gewek, sozılıwshı konsistenciyaǵa iye bolıp, dáslepki shiyki ónim sıyaqlı xosh iyisli, quramında qant kóp boladı. Likyorlar 6 aydan eki jılǵa shekem emen bochkalarda saqlanǵannan keyin jáne de názik, jumsaq dámli hám xosh iyisli bolıp qaladı. Quramındaǵı spirt hám qanttıń muǵdarına qaray likyorlar kúshli, desert hám kremlerge bólinedi.

Kúshli likyorlar ádette spirtler hám efir maylı shiyki onimler demlemeleri tiykarında tayarlanadı. Olar quramında 30— 45% spirt, 32—50% qant boladı.

Kúshli likyorlarǵa *Shártrez, Benediktin, Stariy Tallinn, Kya-nu-Kukk (Túbirdegi qoraz ), EXO, Kristall, Apelsinovaya, Myatniy, Yujniy, Anisoviy* hám t.b kiredi. Desert likyorlar quramında kúshli likyorlardaǵıdan kem (25—30%) spirt, (35—50%) qant boladı.

Kremlerdiń kúshi kem (20—23%), biraq, qantı (50—60%) boladı. Olar sozılıwshı, sirop sıyaqlı, konsistensiyalı boladı. Satıwǵa Malinoviy, *Vishnyoviy, Ryabinoviy, Abrikosoviy, Shokoladniy, Klubnichyiy, Yaichniy* hám basqa kremlar shıǵarıladı.

*Punshlar* quramında basqa ónimlerden spirt kem (17%), qant (33—40%) boladı. Punsh tayarlaw ushın likyor-araq ónimlerine isletiletuǵın shiyki onimlerdiń ózi isletiledi, biraq,

olardıń ayrım sortlarına *vino, konyak, rom, shay, kofe* demlemeleri qosıladı. Punshlardıń *quwat* beriwshi qásiyetleri bar.

*Desertli ishimlikler* quramı tárepinen shıyrın nastoykalarga jaqın, lekin quramında spirt (12—16%) hám qantlar (18—30%) boladı.

*Likyor-araq ónimleriniń sıpat kórsetkishleri*. Spirtli ishimliklerdiń sapası organoleptikalıq hám fizika-ximiyalıq kórsetkishlerine qarap tekseriledi. Ónimniń sırtqı kórinisi (qadaqlanıwına, etikatkası, kólemi, tınıqlıǵı ), reńi, dámi hám iyisi organoleptikalıq baha beriledi. Ónimniń etiketkası taza hám kólemi tolıq bolıwı kerek. Bul ónimler tınıq hám shógindisiz bolıwı kerek, *Osobaya* araqtan basqa hámme ónimler shayqatılǵanda joǵalıp ketetuǵın gúńgirt reńli tamshılar bolıwı múmkin. Reńi, dámi hám iyisine 10 ballı sistemada baha beriledi: reńi—2 ball, dámi—4, xosh iyisine—4 ball.

***Juwmaqlaw***: *Alkogol azıq-awqat sanaatınıń bir bólegi bolıwına qaramastan insan organizimi ushın ziyanlı bolıp tabıladı. Onimlerdi islep shıǵarıwdan alınatuǵın payda joqarı bolıwı menen birge onıń eksportı arqalı mámleketler júda jaqsı natiyjelerge erisken. Biraq ayrım mámleketlerde bunday onimlerdi islep shıǵarıwǵa ayrım sheklewler qoyılǵan.*

## Paydalanılǵan ádebiyatlar dizimi

1. Kurbanbaeva.G.S,« Azıq-awqat texnologiyası tiykarları »Sabaqlıq .NUKUS- “ILIM-NUR ” – 2023,414 b

2. Toshkent, 2000-yil, "Oʻzbekiston milliy ensiklopediyasi" (2000-2005)

3. Z Sh. Sapayeva, B- A. Abdullayeva; " Spirtii va bijg'itilgaii mahsulollar ishlab chiqarish texnologiyasi" ©«NOSHIR» nashriyoti, 2013. ISBN 978-9943-4115-6-2

4. N.SH.Abdullaev, J.R. Xo’shvaqtov, X.Sa’dullaev, I.U.Xaydarov.Pivo va vino mahsulotlari ishlab chiqarish texnologiyasi/ Navro'z nashriyoti.2019.-288 bet.ISBN 978-9943-56-442-8

5.Kurbanbayeva, G. . (2023). Innovative ways of increasing grain productivity in the agriculture. Journal of Agriculture & Horticulture, 3(9), 21–24. Retrieved from https://internationalbulletins.com/intjour/index.php/jah/article/view/1332

6.Kurbanbaeva Gulshad, & Askarova Khurshida. (2024). Grain and grain structure. American Journal of Applied Science and Technology, 4(03), 29-33.https://doi.org/10.37547/ajast/Volume04Issue03-06

7. Kurbanbaeva , G. ., & Dauletiyarova , M. (2024). Qoraqalpog’iston respublikasida biostimulyatorlarni boshoqli don ekinlarga qo’llash va hosildorligini oshirish. Евразийский журнал академических исследований, 4(4), 146–151.

https://doi.org/10.37547/ajast/Volume04Issue03-06